

SART BI LAL TERELINU JIGEENU FEMINIST YI CI AFIRIK



SART BI LAL TERELINU JIGEENU FEMINIST YI CI AFIRIK

Jigeenu Feminist yi soxeeke Afirik, ñoo taxawal Forum bo xamne moo moom boppam, ken yilifuko. Bi mu taxawee ba tey, benn kurel bu tudd African Women's Development Fund moo ko boot.

Njiitu Kurel gi

Ayesha Imam (Nigeria/Senegal)

Bene Madunagu (Nigeria)

Muthoni Wanyeki (Kenya)

Sarah Mukasa (Ouganda)

Jessica Horn (Ouganda/UK)

Sylvia Tamale (Ouganda)

Codou Bop (Senegal)

Everjoice Win (Zimbabwe)

Demere Kitunga (Tanzania)

Mary Rusimbi (Tanzania)

Alice Karekezi (Rwanda)

Bisi Adeleye-Fayemi (Nigeria/UK)

Hope Chigudu (Zimbabwe)

Shamillah Wilson (South Africa)

Sartë bi Mbootaayu Feministu Senegaal moo ko tekki ci Wolof atum 2007,
African Women's Development Fund def ko teere atum 2016

Ngir lawal ag seddoo xamxam ci wallu jigeenu feminist yi, saarte bi dees kooy siiwal ci lu Book gisgis te meññal, dolli maye ñu mën ko tasaare fu ñu ko jaayul, ci ni mu tédde ci cosaanam, te dëppoo fa ag samm ceri ñi ko xalaat ag meññal.




Designed by Lulu Kitololo Studio Ltd.

Translated by Fatime Faye, Coura Sarr and Pathe Digne

www.africanfeministforum.com

www.awdf.org





NDORTEEL

Ndajeem feministu Afrig ya ñu dooroon ca 15 fan ba 19 fan ci weeru noowàmbar ci atum 2006 ca Akra, ca Gana. Ndaje ma lu ëpp 100 feministu Afrig ak Jaspura (nit ku ñuul ci àdduna bi) tey yëngu ci mbirum jigéen ñoo fa teewoon. Ndaje mi dañu ko jël ni dend bu man bopaam, jigéenu Afrig yu bokk ci ñi am, ñi neewle ak ñi ndool, te seen pas-pas ci yëngu-yëngu jigéen ñi wuute di fa daje, di xalaat, di lal ay pexe yuy jëmële kanam kurelu feminist yi ci ndend Afrig bi.

Ndaje mi li ko wundoon mooy Sartë bi lal Tërëlinu feminist yi, te ñu waroon ca mànkoo, moon la kurel resonaal biy yëngu ngir Ndaje mi am jàppoon ne mooy li ëppoon solo ci ndaje ma. Da ñu gëmoon ni da ñu soxla woon ñuy lal te dëggël suñu pas-pas yi ci tërëlinu jigéen ñi, di ñu tette ci suñuy gëstu ak suñuy jéego yi. Nóonu, Sartë bi day dëggël li jigéen ñi bokk gëm te di ko sédd ci lépp li ñuy yëngu ci suñu giiru dund ñun ñi tudde suñu bopp feministu Afrig yi. Dafay lal itam copite bi ñu namm ci suñuy askan, ak ni ñu ko bëgee doxal. Yokk ci, dafay leeral suñuy wareefu kenn ku nekk ak mbooleem seen ci biir kurel gi.

Ci tërëlin wi ñuy dëgëlaat suñuy pas-pas jëlee fi nooteel gi ñu góor ñi bégga tek ci biir yëngute yépp ci Afrig. Ñuy yeesalaat suñuk wareefu aar ak cërël àq ak yelleefu jigéen ñi fepp. Ñu am pas-pasuk aar ndono yi taxoon maam yu jigéen ñi nangu woon ñàkk lépp ngir suñuk mboyte gënn yaatu.

Sartë bi day jëmmël pexe yi ñuy doxalee te ñu natoon leen ci biir Ndaje mi, ci ndigal yu am fayda yii :

- ◆ Yaatal ak siiwal Sartë bi nga xam ne jumptukaayu ngañaay buy yokk mbootaay gi la. Ngir mu mënu, dina ñu ko tekki ci ay kàllaama yu bari, di ko jàllale ci rajo, telewison, ak enternet, ak yu demee noonu.
- ◆ Sartë bi da ñu ko jële ni luy yokkee sañ-sañu mbootaayu feminist yi. Moo tax ñu yobante ñu def ko jumptukaayu mbootaayu jigéen ñi ba ñu mën koo ligéeyée ngir topp seeni jéegoy mbootaay ak suñuy natt ak seen moroomu feminist ci seen jeego ñoom.



LI NJËKK : NU WOOWEE SUÑU BOPP FEMINIST – « FEMINIST » EMB LII ÑU ÑUY WOOWEE

Ñun, da ñu jël suñu bopp, wooyee suñu bopp feminist ci kanamu ñëpp ndax da ñu bég ci lii ñu doon ak ci suñu politigu feminist bii. Nangu nañu ne xeexu àq ak yelleefu jigéen ñi yënguteek politig donj la, waaye woowee suñu bopp feminist itam, politig la. Tàneefuk woowee suñu bopp « feminist », moo ñu yóbb ci suñuy tërëlinuk xalaat bu leer. Su ñu woowee suñu bopp feminist da ñuy nangu politigee xeexu àq ak yeleeftu jigéen ñi, nangu seetat dëgg kurel yiy noot jigéen ñi te tabax ay juntuukaay yu ñuy may ñu xalaat te dogal liy sopp. Ñun feministu Afrig, ni ñuy wuyoo dafa bari te wuutee. Ñun ñëpp ay jigéen nu Afrig la ñu, ñuy dund fii ci Afrig walla ci biti, nekkin ak dunduk jigéenu Afrig yi lañu soxal saa su ne. Su ñuy wooyee suñu bopp feminist, du ñu ci tek « su dee », « wante » ak « waaye nak ». Feminist lañu te yem fóofu.”

NI ÑUY GISEE NOOTEELU GÓOR ÑI

Ñun feministu Afrig, suñu feminismë dafa teggu ci li lal nooteely góor ñi ci xolu li ñuy gëstu. nooteely góor ñi feem bu jox góor ñi kàddu ñu di noot jigéen ñi ci ay kurelu politig, sosiyaal, caada ak diine. Loxo yi góor ñi tek am-am ak, ni ñu koy seddalee ci ètt yu yaatu yi ak ci biir kër yi dafa lal ci seen xalaatu nooteel gi ñu may góor ñi. Feemuk nooteel gi day jël ay melukaan yu bari te wuutee ci jamono ak ci ak dend bi, maanaam, day suppeekook jamono, di wuutee ci ay digalante ak ci kurelu bokk moomeel, xeet, askan, diine ak *nguuru* yi. Noonu suñu béggee ne feemuk nooteel boobu dañ koy seetaat dëgg, dafay laac ñu seetat itam yeneen feem yiy noot tay jërinoo, tay jàppalante seen biir.

Ni ñu gisee li ëmb feemuk nooteelu góor ñi lu am solo la ndax dafa ñuy jox ñun feminist yi lalin biy firndeel digante notàngé yiy wàñi jigéen ñi ci Afrig. Xallatuk feemuk nooteel bi dafay dogal ci bépp wàll ci suñu dunde di tërël lalinu jamono ni muy gisee góor ñeek jigéen ñi. Liy suñu wàlla ci mbirum xalaat, ñun feminist yi mooy ñu xam feem bi, ak ci mbirum politig, ñu tas ko. Dañuy *dajalee* ngir xeex nooteel bi ci ay feemam te baña xeex góor ñi walla jigéen ñi ci seen bopp. Noonu, ñun feminist yi dañu gis suñuy jëf ni *enwestismaa* ay doole ku nekk ak kurël yi ci xeex léep luy nooteel ak jëriño feemu nooteel bi ci ñun.



NI ÑU GISEE NUÑU BOPP ÑUN FEMINISTU AFRIG YI

Ñun Feminist yi bàyyeekoo/di ligéey/dëkk ci Afrig, dañuy laac suñuy àq ak yelleef ak ètt yu mat ngir ñu nekk Feminist ak ay doomu Afrig. Nangu nañu ne ni ñuy wuyoo bokkul fépp, ñun feminist yi – Nangu nañu, te bég nañu ci li ñu wuutee ak ci suñu pas-pasuk jëmële ko ci doxalin buy soppi bokk moomeel yi ci Afrig ak jigéenu Afrig yi ci seen wàll.

Suñu Xeexu tey, ñun Feministu Afrig yi, dafa laxasoo bu baax ak li wóon demb ci suufu Afrig, maanaam, lalin ya woon ci jamonoy balaa nooteelu doxandeem ya (bari te wuutee), jamonoy njaam, nooteelu doxandeem, xeex yi ngir moomaat suñu bopp, nooteelu doxandemm bu bees bi, *monjaalisasiyon*, ak ñoom seen. Dëkk yi niñu téddee tey ci Afrig dañu leen lal ci kaw Feministu Afrig ya daan xeex ci wetu góor ñi ngir fépp ci suufu Afrig ñu moomat suñu bopp. Ni ñuy tabaxee ay dëkku Afrig yu yees ci *mileneer* bu bees bi, la ñuy yeesalaat itam ni feministu Afrig yi di gisee seen bopp, ni ay doomu reew mi, yu been feemu nooteeluk góor ñi dalul ci seen kaw, yu am wàll gu mat ci am-am yi ak seeni alal yi, te saña séddale yooyu am-am ànd ak dogal ci seeni jëmm. Nangu nañu itam ne li fi xewoon ci jamonoy balla nooteelu doxandeem, ci biir nooteelu doxandeem ak lu ko weesu def na ba nga xam ne dañu wara jël ay dogal yu xereñ jëmële leen ci wàllu jigéenu Afrig yi nekk ci ay lalin yu wuutee.

Nangu nañu ràñee jéego yi am solo mbootaayu feministu Afrig yi jeego ci ñeent fukki at yi wees, tey laaj suñu wàll, ñun feministu Afrig yi ci yóoyu jeego – jeego yooyu su ñu doonee dafa fekk ne **Feministu Afrig** yi dañu nangu woon jiite jëlee ci suuf ba ci kaw ; ci genn wet, dañu daan teg ay pexe, nas ay digante, *gerew*, doxu ñaxtu, ba noppi di gëstu ak a xalaat, di wax

“Xeexak sistem patiriarkaa, dafa laac nu xeex tam yeneeni sistem yiy noot tay djërinoo, tay japalante seeni biir.”

ak a jëf, di dëgërël ay kurel, ci gattal, lépp li nga xam ne dafa daan def ba nguur yi, ñiy jël ligéeykat yi ak kurel yi nangu matale ak li def jigéen ñi doon jigéen.

Ñun feministu Afrig yi dañoo bokk itam ci mbootaayu feministu adduna biy xeex feemu nooteelu góor ñi ci fann yépp. Li ñuy dund fii ak noom li ñuy dund foofu dañu mengoo, te ñu bokk di jàppante bu yàgg ba tey. Donte da ñuy ñaxtu ci suñu èttu bopp, ñun Feministu Afrig yi, da ñuy sukandiku ci suñuy maamu feminist yi xàlloon yoon ba ñu mënna wax ne jigéenu Afrig yi dañoo am ay àq ak yelleef. Ci fatalikook jigéen yooyu ngeen xam ne kenn tuddatuleen ci teere yiy nettali li xewoon démb, danuy dëgël ni wax ni feminism Tugël lañu ko jëlee, aw saaga la ci ñun. Si Afrig, bu yàgg ba tey ñu ngi xeex feemu nooteelu góor ñi. Loola tax ñuy ñaxtu ne sañ nañu tànn suñuy jëf, bindal suñu bopp, sàkk suñuy pexe te defal suñu bopp, ñun feministu Afrig yi.



"Donte nu ngiy laac sunu èttu bopp, nun Feministu Afirik yi, da nuy sukandiku ci sunu maamu feminist yi xaloon yoon ba nun nu mëna wax ne jigeenu Afirik yi danu am ay àq ak yeleeef."



LIY DEGU CI KU NEKK CI ÑUN

Ñun feminist yi, dañoo am pas-pas te gëm ne góor ak jigéen ñoo yem gëdda soo sukandikoo ci tërëlinu feminist yii :

- Àq ak yelleefu jigéen yi kenn mēnu koo xàjjalee, du deñ ba mukki te fépp la wara sax.
- Bokk gi ñu wara bokk dëgë ci liy tabax te yokk a dëgërël degóo gi ci biir feministu Afrig yi ba copite mēna am.
- Jàppalante dafa wara sax ci digante feminist yi ak cërële gu teggu ci di waxtaan gu dëggu, nangu dëgg te àndak ubbite saa yu ñu ñakkee déegoo ci ay kàddu ci suñu biir.
- Jàppalanteek teewlu yeneen feministu Afrig te baña fatte suñu bopp.
- Bañ di fitnaal kenn te tabax suñu bokk moomeel ci jàmm.
- Àq ak yelleefu jigéen ñi ci dund bu àndul ak nooteeluk góor ñi, àndul ak xajjale te àndul ak di ñu fitna.
- Àq ak yelleef ci jot ci li lay may nga daan sa doole jërinoo lu yàgg te tegu ci yoon, jot ci teewaayuk bokk moomeel, jot ci pac mi, njàng mi, ndox mi ak ay bérébu fajukaay yu woor te takku.
- Am sañ-sañuk doggal ci mbooyte ci lépp lu jëm ci sa jëmm, bokk na ci yàqum biir, dogal ci lu jëm ci sëy ak noo ko bëgee.
- Nangu ay waxtaan *kiritig* ci li jëm ci diine, caada, li fi maan bàyyi ak li ci biir kër yi, tey may dëgg xel ci li ci jëm ci àq ak yelleefu jigéen ñi.
- Xàmmee ak wone jigéeni Afrig yi ni ñu yëngoo wuuteek ñii ñuy yëngël ci lépp lu ñuy def, ni ñiy doxalee seen dund ak seeni bokk moomeel.
- Àq ak yelleef ci ay àndandoo yu sell, ci ñaari wàll, kenn ku nekk ak sa moroom, àndandoo yuy indi yokkute te ànd ak nawlante ci suñu biir.
- Àq ak yelleefu firndeel li ñu gëm ci biir ak ci bitti feemu diine yi.
- Xàmmeekook kurelu jigéenu feministu Afrig mi nga xam ne dafa am demb bu riis waaye kenn bindu ko fen walla da ñu ko gas suul ci li ëpp.



LIY DEGU CI KUREL YI

Ci suñu wàll, ci li jëm ci kurelu jigéen ñi, da ñu am pas-pas ci lii :

- Ubbeekug xel, leerlu ak cërële ci biir kurel yii nga xam ne jigéen ñee ko jiite.
- Nangu di wax ne nekk kurelu ay jigéen teewul ñu ànd ak xarañ, am coobare, am yar ak cër.
- Di dëgël ak di suqàli àq ak yelleefu jigéenu Afrig yi ci li jëm ci ligéey, boole ci njiit gu ànd ak yemle, payoor gudul xàjjale tey yemle, ak ay dogal ci li jëm ci ëmb ak imbi.

- Ànd ak ràññee ci li jëm ci kàddu, ci doggal ak doxalinu *teginu* kurel yi te ànd ak naw ñi ñu ko seqël ñëpp. Nangu ne èttu feminist yi dañu leen defar ngir ñu may jigéen ñi ñu moom seen bopp te yëkati seen taxawaay. Waru ñu bàyyi mukkk suñu kurel yi ñu yàqu ba ñuy fitnaal wala di yàq deru yeneen jigéen ñi.
- Jiite ak doxal ci anam yi gënë sell ci suñuy kurel yi, suñu ñu feyee am deet, te di jeem suñu keemtalaay katan ba fu ñu nekk ñu def ba ñëpp naw li ñu gëm ak tërëlinu feminist yi.
- Fexe ba ci suñuy biir kurel yi ñu doon ay njiit yu am cër, yuy baña tànqam lu soxla ñeneen ñi ci li leen di yëkati ak li jëm ci seen yokute ci ligéey bi. Maanaam defar ay ètt yu ñuy may ñu seddale dogal ak dàkku yi ci digante mag ñeek ndaw ñi.



- ◆ Fexe ba defar ay kurelu feminist yuy yàgg ba jigéen ñi doon ay njiit. Kurel ak àndu jigéen yi ay jigéen a leen wara jiite. Nangu ay góor di jiite ak di waxal ay kurelu jigéen àndul ak tërëlinu feminist yi.
- ◆ Fexe ba nga xam ne kurelu feminist yi nekk saa su ne ay royukaay ci ni ñuy doxalee ci biir kurelu bokk moomeel yi ; ba am-am (muy xalis wala leneen) yii ñu dajale si turu jigéenu Afrig yi lépp jëm ci jigéen ñi te kenn bañ leen a wani jëriñoobayi leen. Su ñu bëgee loolu sax, dañuy def ba nga xam ne ci suñuy kurel yi ay feem ak ay pexe ak ay tërëlin yu leer ci liy gëggal doxalin ba kenn du sañ neexal wala ngay *foróot* te saa yu ñàkk deggoo ak xultu jollee, ñu def ba ñëpp yem atte.
- ◆ Fexe ba suñuy yëngu-yëngu ànd ak gëstu ak xalaat te mengële suñuy yëngu-yëngu ak ni suñuy xalaat ci feminismë ci Afrig.
- ◆ Ubbeeku te nangoo degg lu ñeneen ñi xalaat ci li ñuy def ci suñuy kurelu feminist yi, nangu dëgg suñu ko gisee te bokk ci ñi gën sawar ci lii nu ñu sedde ci biir mbootaay gi.
- ◆ Fexe ba kenn du indi feewale ci suñu biir ak/wala di wàññi èttu feminist yu mboy yi gnir mottali jëriñu tërëlinu ñi am peete ci ñoñal.
- ◆ Dëggël ne kurelu *ONG* yi dañu leen sos ngir faj soxla ak njàmbatu jigéen ñi i dëgg (te soxla yóoyu dañoo wara faju) waaye sàkku ñu leen ngir ñenn ñi jërinu yokku, bàyyi ña des.





NJIIT YI CI FEMINIST YI

Ñun njiit yii ci mbootaayu feminist bi, nangu nañu ne kurelu feminist bi dafa may fayda njiit yu jigéen ñi. Ñun njiitu feminist yi dañoo am pas-pas ci def ba njiit yi mel neneen te sukandiku ci xalaat biy lal ne njiit yu jigéen yu am pasteef ñoo gën njiit yu bari yu jigéen te amu ñu pasteef. Dañu gëm te am pas-pas ci:

- Suqali *deontoloji* bu mët ci njup ak cër.
- Yaatal te dëgërël ndajeek kurelu njiitu feminist yi, bokk ci mag ñi ak ndaw yi ci suufu Afrig bépp.
- Def ba ñu ràññee mbootaayu feminist bi ni kurelu bu dëggu ñu jagleel ko jigéen yi yor kàddu njiit.
- Dëgërël te yaatal saa su ne suñuy xam-xam ba ñu mën di gëstu, di xàll ay yoon, te di suuxat bëgg jàng bi wara dooree ci ñun ñi nekk ci mbootaayu bi.
- Di suuxat, di digël ak di won pexe feminist yu ndaw ñi.
- Ràññee li xellu jigéenu Afrig yi nàcc ak seen yeneeni liggéey ci suñuy yëngu-yëngu.
- Sedd ci suñu jot ak taxawaay bu am solo te dëggu yeneen feminist yi soxla ñu taxawuleen ci wàllu politig, ci ay jëf walla ci seeni naxar ak tiis.
- Nangu dëglu diiñat yi ak natt yi suñuy moroom yi bëgg ñoo jagleel ak li yeneen feminist yi xalaat ci suñuy jëf ak jeego yi.

**"Su nuy wooyee sunu bopp feminist,
du nu ci tek « su dee », « wante » ak «
waaye nak ». Feminist rekk, jeex na."**



#AFRIFEM

